

# COVID-19: Fason pou Siveye Nivo Oksijèn ou

Si ou te teste pozitif pou COVID-19 oswa ou ap tann rezilta tè s ou, yon aparèy pou mezire oksijèn avèk pwent dwèt ou se yon fason rapid epi ki fasil pou ou siveye nivo oksijèn nan san ou.



## Kisa yon aparèy pou mezire oksijèn avèk pwent dwèt ye?

Se yon aparèy fasil pou itilize pou ede ou siveye nivo oksijèn nan san ou. Li non-envazif (ou pa bezwen sereng) epi li pran sèlman kèk segonn pou li fonksyone.


## Poukisa li enpòtan pou mwen siveye nivo oksijèn mwen yo?

Anpil moun genyen COVID-19 epi yo pa konnen sa paske yo pa genyen sentòm yo. COVID-19 kapab lakòz yon enfeksyon nan poumon ou yo, sa ki kapab bese nivo oksijèn ki nan san ou. Lè nivo oksijèn ou ba, ou gendwa santi ou fatige oswa ou gendwa genyen souf kout, men ou gendwa pa santi ou diferan ditou. Sa kapab danjere. Ou ta dwe swiv nivo oksijèn ou nan itilize yon aparèy pou mezire oksijèn jiskaske ou santi ou byen. Si nivo oksijèn ou bese, ou ta dwe chèche jwenn èd medikal touswit.


## Kijan pou mwen itilize aparèy pou mezire oksijèn avèk pwent dwèt mwen an?

Mezire nivo oksijèn ou de (2) fwa pa jou, nan maten ak nan aswè (oswa pi souvan si pwofesyonèl swen sante ou mande ou fè sa).


- 1 Asire ou li genyen batri ladan epi limen aparèy la.



- 2 Mete dwèt endèks ou (dwèt ki toupre gwo pous ou a) nan aparèy pou mezire oksijèn lan, kite zong dwèt ou anwo.



- 3 Tann pou ekran an montre yon nimewo.



- 4 Si ekran an pa montre yon nimewo, eseye yon lòt dwèt (pa itilize gwo pous ou). Aparèy pou mezire oksijèn yo gendwa pa fonksyone sou dwèt ki frèt oswa ki mouye, oswa si zong dwèt ou genyen vèni sou li.



- 5 Anrejistre nivo oksijèn ou yo nan rejis yo ba ou a.

Dat	Lè	SpO2
11/1/20	AM 8:30	99
	PM 6:00	99
11/2/20	AM 9:00	97
	PM 8:30	98
	AM	

- 6 Enskri pou ou resevwa sipò mesaj tèks chak jou gratis.



## Kijan pou mwen li nimewo ki sou ekran an?

Aparèy pou mezire oksijèn ou an montre de (2) nimewo. Nivo oksijèn lan make SpO2. Lòt nimewo a se batman kè ou. Pou pifò moun, yon nivo oksijèn nòmal se 95% oswa piwo epi yon batman kè nòmal jeneralman anba 100. Nivo oksijèn ak batman kè ou kapab chanje baze sou aktivite ou, pozisyon kò ou ak sante jeneral ou. Verifye avèk pwofesyonèl swen sante ou si ou genyen kesyon.



## Kijan mwen ta dwe netwaye aparèy pou mezire oksijèn mwen an?



Netwaye tout sifas aparèy pou mezire oksijèn lan nan itilize yon moso twal, sèvyèt papyè oswa boul koton ki mouye avèk alkòl pou friksyon ki genyen omwen 60% izopropil. Fè sa apre chak itilizasyon ak avan lòt moun itilize li.

## Èske mwen kapab itilize aparèy pou mezire oksijèn lan sou yon timoun?

Yo pa rekòmande aparèy pou mezire oksijèn yo pou timoun ki pi piti pase 14 ane. Siveye depre sentòm timoun yo epi rele pwofesyonèl swen sante yo a si yo sanble yo malad oswa si yo genyen yon tous ki vini pi mal oswa difikilte pou respire.

## Èske mwen ta dwe enfòmè pwofesyonèl swen sante mwen an sou nivo oksijèn mwen mezire yo?

Li enpòtan pou ou kenbe pwofesyonèl swen sante ou a enfòmè sou sante ou ak sou nivo oksijèn ou yo. Rele oswa voye yon mesaj pa imèl dapre jan yo endike ou. Si ou pa gen yon pwofesyonèl swen sante, rele 844-692-4692 pou jwenn youn epi pou ou mande yon randevou.

## Kilè mwen ta dwe chèche èd medikal?

Tablo sa a ba ou enstriksyon sou kisa nimewo oksijèn lan vle di epi sou kilè ak ki fason pou ou chèche èd medikal.

Nivo Oksijèn	Enstriksyon
<b>90% oswa mwens</b>	Nivo oksijèn sa a trè enkyetan epi li gendwa endike yon pwoblèm medikal ki grav. Rele <b>911</b> oswa ale nan sal ijans ki pi pre a imedyatman. Ou gendwa bezwen yon tès radyografi oswa pou kè an ijans.
<b>91% rive 94%</b>	Nivo oksijèn sa a enkyetan epi li gendwa endike yon pwoblèm medikal ki grav. Rele pwofesyonèl swen sante ou imedyatman. Si ou pa genyen yon pwofesyonèl swen sante, ou kapab jwenn yon evalyasyon swen an ijans lè ou ale sou <a href="http://www.ExpressCare.nyc">www.ExpressCare.nyc</a> sou òdinatè ou, telefòn pòtab ou, oswa tablèt ou, oswa lè ou rele 332-220-1337 si ou pa gen aksè ak entènèt. Yon doktè pral evalye ou pa telefòn oswa pa videyo. Pap genyen okenn depans pou ou. Ou kapab ale tou nan etablisman swen an ijans ki pi pre ou a.
<b>95% rive 100%</b>	Nivo oksijèn sa a nòmal. Mache pandan de (2) minit epi mezire nivo oksijèn ou ankò. Si nivo oksijèn ou tonbe anba 95%, swiv enstriksyon ki anwo a.



## ENSKRI POU OU RESEVWA SIPÒ MESAJ TÈKS CHAK JOU GRATIS

Yo pral mande ou done sou nivo oksijèn ou ak batman kè ou nan mesaj tèks, epi ou ap resevwa konsèy ak enstriksyon baze sou repons ou. Pou ou enskri, **voye mesaj tèks "COVID" bay 89888.**

# Rejis Nivo Oksijèn

Itilize rejis sa a pou swiv nivo oksijèn ou yo. Mande pwofesyonèl swen sante ou a kilè ou ta dwe sispann siveye.

Dat	Lè	Nivo Oksijèn (SpO2)	Lòt Sentòm yo
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		
	AM		
	PM		

Nivo Oksijèn	Enstriksyon
<b>90% oswa mwens</b>	Nivo oksijèn sa a trè enkyetan epi li gendwa endike yon pwoblèm medikal ki grav. Rele <b>911</b> oswa ale nan sal ijans ki pi pre a imedyatman. Ou gendwa bezwen yon tès radyografi oswa pou kè an ijans.
<b>91% rive 94%</b>	Nivo oksijèn sa a enkyetan epi li gendwa endike yon pwoblèm medikal ki grav. Rele pwofesyonèl swen sante ou imedyatman. Si ou pa genyen yon pwofesyonèl swen sante, ou kapab jwenn yon evalyasyon swen an ijans lè ou ale sou <a href="http://www.ExpressCare.nyc">www.ExpressCare.nyc</a> sou òdinatè ou, telefòn pòtab ou, oswa tablèt ou, oswa lè ou rele 332-220-1337 si ou pa gen aksè ak entènèt. Yon doktè pral evalye ou pa telefòn oswa pa videyo. Pap genyen okenn depans pou ou. Ou kapab ale tou nan etablisman swen an ijans ki pi pre ou a.
<b>95% rive 100%</b>	Nivo oksijèn sa a nòmal. Mache pandan de (2) minit epi mezire nivo oksijèn ou ankò. Si nivo oksijèn ou tonbe anba 95%, swiv enstriksyon ki anwo a.